# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–03 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

हाथरस में काल्हि भइल दर्दनाक हादसा के बाद आजु मुंख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ घटना स्थल क दौरा कइलें के सथहीं जिला अस्पताल में भर्ती घाही लोगिन क हाल जनलें। एकरे बादि अधिकारियन के साथें बइठकी कई के घटना अउर राहत बचाव कार क पुरहर जनकारी लिहलें।

पत्रकारन से बतियावत मुख्यमंत्री कहलें कि येह मामिला में जे केहू भी दोसी होई ओहपर कडेर करवाई कइल जाई। पूरा मामिला क जांचि बदे हाईकोर्ट क रिटायर्ड जज के निरदेसन में न्यायिक कमेटी क गठन कइल गइल हवे। मुख्यमंत्री कहलें कि येह पूरा घटना के तह ले जाए बदे सासन स्तर पर हम काल्हियें व्यवस्था बनवले रहलीं हादसा में एक सौ एक्कइस सरधालुअन क मउति भइल बाटें जवनें में उत्तर प्रदेस के साथे–साथे हरियाणा, राजस्थान अउर मध्यप्रदेस से आइल सरधालुओं रहलें। येह कार्यकरम में जवन सज्जन आपन उपदेस देवे आइल रहले। उनकर कथा संपन्न भइले के बादि ई दुर्भाग्यपूर्ण घटना भइल। काल्हि हाथरस के फुलराई मुगलगढ़ी गांव में सतसंग के दौरान भगदड़ भइले से एक सौ सोरह लोगिन क मउति हो गइल रहे। मृतकन में सौ से जियादे महिला अउर सात गो लइके सामिल हवे।

**********

राष्ट्रीय छात्रवृत्ति पोर्टल शैक्षणिक बरिस दुइ हजार चउबीस–पच्चीय बदे राष्ट्रीय साधन सह मेधा छात्रवृत्ति खातिर पंजीकरण विंडो क शुरूआत कइले हवे। सिक्षा मंत्रालय क सूत्र बतवले कि येह पोर्टल क सुरूआत एक्के बेरि के पंजीकरण अउर नया आ नवीनीकरण छात्रवृतियन क आवेदन खातिर कइल गइल हवे। येह सालि आवेदन जमा कइले क आखिरी तारिख एकतीस अगस्त हवे। एक्के बेरि क पंजीकरण एगो यूनीक चउदह अंक क नम्बर हउवे जवन आधार नंबर से जुड़ल हवे। ऐहकर जरूरत छात्रवृत्ति क आवेदन करे खातिर होला। मंत्रालय बतवलस कि जवने विद्यार्थियन के एक्के बेरि वाली पंजीकरण संख्या मिलल हवे ऊ राष्ट्रीय छात्रवृत्ति पोर्टल पर छात्रवृत्ति खातिर सोझे आवेदन कइ सके लें।

**********

प्रदेस में सीनियर पीसीएस अधिकारियन क तबादला कै देहल गइल हवे। महेंद्र कुमार मिश्रा के अपर आयुक्त झांसी मंडल बनावल गइल हवे। रजनीश राय के सीआरओ देवरिया, जगदंबिका प्रसाद गुप्ता के एडीएम ई कानपुर, अरुण कुमार सिंह के एडीएम एफआर गाजीपुर, बनावल गइल हवे। नलिनी कांत सिंह अउर शैलेंद्र कुमार मिश्रो क तबादला कै दिहल गइल हवे।

**********

बिहार क उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आजु अजोध्या के सरयू तट पर मूड़न करा के आपन केस समर्पित कइलें। एकरे बाद पद यात्रा कइ के राम लला के दरबार में आपन पगड़ियो समर्पित कइलें। उहां के कहलीं कि पछिला दुइ सालि से अभियान चला के हमहन के इंडी गठबंधन के सरकार के हटवले क कार कइले हई। जब एनडीए के समर्थन से मुख्यमंत्री के रूप में नीतीश कुमार शपथ लिहलें तब हमहन के तय कइले रहलीं कि अजोध्या जा के प्रभु राम के चरण में पगड़ी समर्पित करब।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के मन की बात कार्यक्रम में पर्यावरण संरक्षण के बारे में कइल गइल अपील क बड़हन असर देखाइ दे ता। प्रदेस भर में लोगि अपने मॉ आ चाहे उनके याद में **एक पौधा मॉ के नाम** क लगा के पर्यावरण संरक्षण के अनूठा मुहिम से जुड़ि रहल हवे। हमीरपुर जिला में आजु वन महोत्सव सप्ताह के तहत स्कूली लइके रैली निकारि के पौधा लगवले क अपील कइलें। बनारसों में अध्यापक लोगि पौधा लगा के पर्यावरण संरक्षण क सनेसा दिहलें।

**********

सावन के महिन्ना में सिव के दरसन बदे काशी आवे वाले सरधालुअन के सुविधा खातिर पर्यटन विभाग तैयारी सुरू कई दिहले हवे। बनारस में पर्यटन विभाग के सहायक निदेशक बतवले हवें कि सारनाथ में भगवान सारंगनाथ मंदिर के राहि के ठीक करवले के सथहीं सुन्दरीकरणों करावल जा रहल हवे। सारंगनाथ मंदिर में एक्के अर्घा में दुइ गो शिवलिंग स्थापित हवे। सावन के महिन्ना में शिवभक्त ऐह मंदिर में दर्शन करे बदे आवे लें। उहां के बतवलीं कि एकरे अलावे रेलवे स्टेसन अउर अंतराष्ट्रीय हवाई अड्डो पर साइनेज के जरिए लोगिन के विभिन्न मंदिरन के राहि के बारे में जानकारी दिहल जा रहल हवें। उहां के बतवलीं कि एकरे अलावे कई जगहिन पर हेल्प डेस्क के जरिए आवे वाले सरधालुअन के जानकारी दिहले क कोसिस कइल जा रहल हवे जवने से ओन्हें कवनहू तरह क दिक्कत ना होखे।

**********

प्रदेस के ढेरि जिलन में गरज–चमक के साथे हो रहल बरखा से मौसम सुहाना हो गइल बाटे। मौसम विभाग अजुओ गोरखपुर, प्रयागराज, चित्रकूट, कौशाम्बी, औरैया के सथहीं कई गो जिलन खातिर ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हवे। प्रदेस के पैंसठ जिलन में जुलाई में सामान्य से जियादे बरखा भइले क आगम बाटें विभाग के मोताबिक आवे वाले चारि–पांच दिन ले अइसहीं रूकि–रूकि के बरखा होत रही। येह दौरान दिन अउर रात क तापमान सामान्य रहले क आसार हउवे।

**********